ПАЙТАХТТА «ИСБИЛЕРМЕН ҲАЯЛ» ТАҢЛАЎЫ

ӨзЛиДеП Нөкис қалалық Кеңеси бүгин өз қатарына 5 200ден аслам ҳаял-қызды бирлестирген. Өткен дәўир даўамында Кеңес тәрепинен ҳаял-қызлардың экономикалық, ҳуқықый билимлерин арттырыў, қайта кәсипке бағдарлаў, жумыс пенен тәмийинлеў ҳәм шаңарақлық кәрханаларды шөлкемлестириў бағдарында бир қатар ийгиликли жумыслар әмелге асырылды.

«Жаңа Өзбекстанның дөретиўши ҳаял-қызлары» сүрени астында «Исбилермен ҳаял — 2025» таңлаўының гезектеги қалалық басқышы Нөкис қаласындағы 20 мәкан пуқаралар жыйынында өткерилген таңлаўдың «Мәҳәлле басқышы» жеңимпазлығын қолға киргизген исбилермен ҳаял-қызлар арасында өткерилди. Онда Халық депутатлары Нөкис қалалық Кеңесиниң депутаты Ырысты Қуттымуратова, Нөкис қалалық шаңарақ ҳәм ҳаял-қызлар бөлиминиң баслығы Разия Құрбанова, Өзбекстан Саўда-санаат Палатасының Қарақалпақстан Республикасы басқармасы баслығының орынбасары Жамила Егамбергенова ҳәм Қарақалпақстан Фермерлер Кеңесиниң хызметкери Гүлжахан Айназарова ҳәм партия белсендилери қатнасты.

Таңлаў шеңберинде мәмлекетимиздиң раўажланыўы ҳәм халықтың абаданлығы жолында белсене қатнасып атырған күш-ғайратлы, излениўшең, интакер, потенциаллы фермер ҳәм исбилермен ҳаял-қызлар басшылығындағы кәрханалардың өнимлери, хызмет көрсетиў шақапшаларының жумысын сәўлелендириўши көргизбе шөлкемлестирилди.

Бул таңлаўды өткериўден гөзленген тийкарғы мақсет — мәмлекетимизде әмелге асырылып атырған социал-экономикалық реформалар, сиясий процесслердиң мазмун-мәнисин ҳаял-қызлар арасында кеңнен үгит-нәсиятлаў, экономикамызды көтериў, киши бизнес ҳәм жеке исбилерменликти раўажландырыўға мүнәсип үлес қосып атырған ҳаял-қызларымызды хошаметлеў болып табылады.

Сондай-ақ, илаж даўамында аймақларда ҳаял-қызлар арасында шаңарақлық исбилерменликти раўажландырыў, мәмлекет экономикасында олардың қатнасыўындағы жеке меншик сектордың үлесин ҳәм әҳмийетин арттырыў, жәмийетте ҳаял-қызлар исбилерменлигин жаңа басқышқа алып шығыў, алдынғы тәжирийбелерди ғалаба ен жайдырыў, кәсиплик шеберлик ҳәм билим дәрежесин арттырыў ушын зәрүр шараят жаратыўдан ибарат.

— Таңлаўдың районлық, қалалық басқышларында қатнасыўшылардың саны жыл сайын көбейип бармақта, - дейди ӨзЛиДеП Қарақалпақстан Республикасы Кеңесиниң Ҳаял-қызлар машқалаларын үйрениў ҳәм басламаларын қоллап-қуўатлаў бөлиминиң баслығы Шахзада Абдираманова. — Қуўанышлысы, олардың арасында жас исбилермен қызларымыз да бар. Мине, усы жылы да онға шамаласы қатнасып атыр. Баҳалаў процесинде көп тармақлы өндириси раўажландырыў ҳәм турақлы жумыс орынларын жаратыўдағы белсендилиги, киши бизнес ҳәм жеке исбилерменликти раўажландырыў бағдарындағы басламалар итибарға алынды. Халықтың социаллық қорғаўға мүтәж қатламы болған майыплар, қараўсыз кекселер, кем тәмийинленген шаңарақларға материаллық, руўхый жақтан ғамқорлық еткен, исбилерменлик ҳәм фермерлик жумысын раўажландырыў мақсетинде жаңа инновациялық жойбарлардан нәтийжели пайдаланған ҳалда «Ҳаял-қызлар дәптери», «Жаслар дәптери»не киргизилген пуқараларды жумыс пенен тәмийинлеген исбилермен ҳаял-қызлар таңлап алынды...

Таңлаў нәтийжелерине муўапық, Улбосын Жумамуратова 1-орынды, Камар Изимбетова 2-орынды, Лейла Доспанова 3-орынды ийеледи. Ҳәр бир қатнасыўшы таңлаўда өзиниң әмелий тәжирийбеси, жаратқан жумыслары ҳәм ерискен нәтийжелери арқалы дөретиўшилик ҳәм интакерлик потенциалын көрсетти.

Атап айтқанда, Нөкис қаласының «Шымбай шайхана» мәҳәллесинде жасаўшы жеке исбилермен Улбосын Жумамуратова 20 жылдан аслам ўақыт даўамында үй перделерин тигип, шәкирт таярлап, оларды кәсипке үйретип келмекте. Ҳәзирги күнде үйиниң жанында бир тигиў цехы ҳәм дүканын ашып, 10 ҳаял-қыздың бәнтлигин тәмийинлеген, 100ден аслам шәкиртлери бар.

Таңлаў жуўмағында илажда қатнасқан барлық исбилермен ҳаял-қызлар ӨзЛиДеП Нөкис қалалық Кеңесиниң диплом, ҳүрмет жарлығы ҳәм естелик сыйлықланды.

Амангул ЕСЕМУРАТОВА,
ӨзЛиДеП Қарақалпақстан Республикасы Кеңеси Жәмийетшилик пенен байланыслар, мәлимлеме сиясаты ҳәм идеологиялық ислер бөлими баслығы.

МЕКТЕПЛЕР ЗАМАНАГӨЙ КОМПЬЮТЕР ТОПЛАМЛАРЫ МЕНЕН ТӘМИЙИНЛЕНБЕКТЕ

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2025-жыл 1-апрельдеги «Республика аймақларын жедел комплексли раўажландырыў ушын таңлап алынған район(қала)ларда әмелий илажларды әмелге асырыў ҳаққында»ғы қарары тийкарында, республикамыз бойынша Қоңырат ҳәм Шымбай районлары таңлап алынып, усы ҳуқықый ҳүжжет бойынша аймақларда көплеген унамлы ислер әмелге асырылмақта.

Президент қарарында өсип киятырған жас әўладтың, соның ишинде, оқыўшы-жаслардың компьютер бойынша саўатлылығын арттырыў, мәлимлеме технологияларын терең өзлестириўине жәрдемлесиў де әҳмийетли бағдарлардың бири сыпатында белгиленген.

Мәмлекетимиз басшысының тапсырмасы тийкарында, усы жылдың өзинде Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириўи министрлиги тәрепинен Қарақалпақстан Республикасының 35 улыўма билим бериў мектеплерине 595 дана заманагөй компьютер топламлары жеткерип берилмекте.

Күни кеше усындай заманагөй компьютер топламлары Қоңырат районындағы 31, 35, 40, 43, 47 ҳәм 53-санлы улыўма орта билим бериў мектеплерине жеткерип берилип, илажда Қарақалпақстан Республикасы мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириўи министри Г.Кожабаева қатнасып, соңғы жыллары Президентимиз тәрепинен билимлендириў тараўын ҳәр тәреплеме раўажландырыў ҳәм жаслардың заманагөй билим алыўына қолайлы шараятлар жаратып бериў бойынша алып барылып атырған илажларды жоқары баҳалады ҳәм мектеп жәмәәтлерин жаңа компьютер топламларын алғаны менен қызғын қутлықлады.

— Бүгинги күни билимлендириў тараўына қаратылып атырған итибар бизиң ҳәр биримизди қуўанышқа бөлейди,-дейди Қоңырат районлық мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириўи бөлимине қараслы 43-санлы улыўма орта билим бериў мектебиниң директоры Дилбар Алланиязова. — Тараўға қаратылып атырған бундай итибар ҳәм ғамқорлық бизлерге оғада үлкен жуўапкершилик жүклейди. Буның ушын бәринен бурын ҳүрметли Президентимизге ҳәм министрлик басшыларына терең миннетдаршылық билдиремиз. Алдағы ўақытлары өзлеримизге билдирилген исенимди толық ақлап, оқыўшылардың билим көнликпелерин арттырыў ушын аянбастан хызмет ете беремиз.

Ҳақыйқатында да, аймақларда болып атырған бундай унамлы өзгерислер мектеплерде заманагөй мәлимлеме технологияларын оқытыў сапасын арттырыў, оқыўшылардың санлы көнликпелерин қәлиплестириўге хызмет етеди.

Әдилбай ОРАЗОВ,
Қарақалпақстан хабар агентлиги шолыўшысы.

БИЗНЕС-ТУР

ЖАСЛАР ПАЛ ҲӘРРЕШИЛИК СЫРЛАРЫ МЕНЕН ТАНЫСТЫ

ӨзЛиДеП Қарақалпақстан Республикасы Кеңесиниң «Жаслар машқалаларын үйрениў ҳәм исбилерменликти қоллап-қуўатлаў» бөлими ҳәм халық депутатлары Нөкис районлық Кеңесиниң депутаты Марат Аминовтың басламасы менен «Жас исбилерменлер лигасы» жойбары шеңберинде районда жайласқан «Дийқан арна» мәкан пуқаралар жыйынында жумыс алып барып атырған тәжирийбели пал ҳәррешилик фермер хожалығына бизнес-тур шөлкемлестирилди.

Бизнес-тур даўамында қатнасыўшы жаслар пал ҳәррешилик тараўы менен жақыннан танысыў имканиятына ийе болды. Фермер хожалығының басшысы Бахтиёр Джубаев қатнасыўшыларға бул тараўдағы имканиятлар, жумысты қоллап-қуўатлаў механизмлери ҳәм табысқа ерискен жас исбилерменлердиң тәжирийбеси ҳаққында мағлыўмат берди.

— Мен балалығымнан әкемниң қасында жүрип, оның пал ҳәрре шаңарақлары менен ислесетуғынын бақлап, бул кәсипке меҳир қойғанман. Пал ҳәррешилик — тек ғана ҳадал мийнет емес, ал, сабыр-тақат, меҳир ҳәм турақлы ғамқорлықты талап ететуғын кәсип. Фермер хожалығымыздағы дәслепки пал ҳәрре уялары әкемниң мәсләҳәти ҳәм жәрдеминде шөлкемлестирилди. Усы жылдың апрель айында жаслар ушын ажыратылған 100 миллион сум муғдарында жеңиллетилген кредит алып, жумысымды және де кеңейтиўге жумсадым. Жақын келешекте заманагөй технологияларды енгизиў ҳәм жасларды бул тараўға және де көбирек тартыў нийетим бар,-дейди Серик Джубашев.

Илаж шеңберинде қатнасыўшылар Нөкис районының және бир тәжирийбели пал ҳәррешиси Абай Шабиев пенен де сәўбетлести. Ол өз тәжирийбесин жаслар менен бөлисер екен, төмендегилерди атап өтти:

— Бүгинги күнде хожалығымызда бир неше онлаған пал ҳәрре шаңарақлары бар. Пал ислеп шығарыўдан тысқары, мум, прополис, перга ҳәм ҳәр қыйлы пал араласпаларын таярлап, жергиликли базарға шығарып атырмыз. Бул өнимлерге талап жоқары, себеби, адамлар саламат ҳәм тәбийғый өнимлерге қызығыўшылық пенен қатнаспақта. Биз ушын ең әҳмийетли мәселе — өнимниң сапасы. Пал ҳәррелерди тек ғана тәбийғый орталықта, зыянлы химиялық элементлерсиз бағамыз. Бул тек ғана өнимниң сапасын емес, ал, экологиялық турақлылықты да тәмийинлейди...

Бизнес-тур даўамында қатнасыўшылар пал ҳәррешилик тараўына қызығыўшылық билдирди ҳәм келешекте бул бағдарда өз исбилермелик жумысын жолға қойыў нийетинде екенлигин билдирди. Фермерлер тәрепинен «устаз-шәкирт» дәстүри тийкарында жасларға әмелий жәрдем көрсетиўге таяр екенлиги мәлим етилди.

Клара ХУДАЙБЕРГЕНОВА,
ӨзЛиДеП Қарақалпақстан Республикасы Кеңеси «Жаслар машқалаларын үйрениў ҳәм исбилерменликти қоллап-қуўатлаў» бөлиминиң баслығы.

ӘДЕБИЯТ ЖАСЛАРДЫ МИЛЛИЙ ҲӘМ УЛЫЎМА ИНСАНЫЙЛЫҚ РУЎХЫНДА ТӘРБИЯЛАЙДЫ

Бүгинги күнде жәмийетте бәркамал, руўхый жетик инсанларды тәрбиялаў, олардың қәлбинде миллий мақтаныш ҳәм улыўма инсаныйлық қәдириятларға ҳүрмет сезимин қәлиплестириў әҳмийетли мәселелердиң бири есапланады. Бул мәселеде әсиресе, болажақ муғаллимлердиң орны оғада әҳмийетли. Себеби, олар келешек әўлад тәрбиясының бас ўәкили сыпатында ҳәр бир перзенттиң тәғдирине тиккелей тәсир көрсетеди. Сонлықтан оларды жетик, билимли, өз халқының қәдириятларына садық ҳәм соның менен бирге, улыўма инсаныйлық қәдириятларды аңлай алатуғын инсанлар сыпатында қәлиплестириў әҳмийетли ўазыйпа болып табылады. Бунда жәҳән әдебиятының орны шексиз. Әдебият арқалы инсан өзин ҳәм әтирапын аңлайды, өзлигин ашады, мәдений раўажланыўға қарай жол алады. Жәҳән әдебияты болса ҳәр қыйлы халықлардың руўхый дүньясы, қәдириятлары, турмысқа болған мүнәсибети менен таныстырып, студентлерди кеңнен пикирлеўге, өз пикирин еркин билдириўге, ҳәр қыйлы мәдениятларды түсиниўге үйретеди.

Әдебият тек ғана көркем талғамды қәлиплестирип қоймастан, ал, инсан қәлбин тәрбиялайды. Ол арқалы инсан жақсылық ҳәм жаманлықты, ҳақыйқат ҳәм жалған арасындағы парықты аңлайды, өзинде сабыр-тақат, кеңпейиллик, мийрим-шәпәәт сыяқлы пазыйлетлерди қәлиплестиреди. Жәҳән әдебиятындағы көплеген шығармалар адамзат тарийхындағы әҳмийетли социаллық, әдеп-икрамлылық ҳәм мәдений мәселелерди көтереди, бул болса, талабаның дүньяға көзқарасын кеңейтеди. Мәселен, Лев Толстойдың «Урыс ҳәм тынышлық» романында инсан өмири, урыстың трагедиялары, инсаный муҳаббат ҳәм Ўатансүйиўшилик сәўлелендириледи. Ф.М.Достоевскийдиң шығармаларында болса инсан қәлбиндеги гүрес, әдеп-икрамлылық таңлаўлар терең талланады. Бундай шығармалар арқалы болажақ муғаллим тек билим емес, ал, турмыслық тәжирийбе, руўхый сабақ та алады.

Жәҳән әдебиятын үйрениў, бәринен бурын, миллий әдебиятқа деген қызығыўшылықты да оятады. Өзбекстан әдебияты, атап айтқанда, Әлийшер Наўайы, Абдулла Қадирий, Абдулла Арипов сыяқлы уллы шайыр ҳәм жазыўшыларымыздың дөретиўшилиги өзбек миллий қәдириятларын, әдеп-икрамлылық принциплерин, Ўатан сүйиўшиликти үгит-нәсиятлайды. Әлийшер Наўайы «Маҳбубул қулуб» шығармасында: «Инсанды уллы ететуғын сыпат — бул ҳақыйқатлық ҳәм мийрим-шәпәәт», деп жазады. Бундай идеялар талабалар қәлбинде унамлы пазыйлетлерди беккемлеўге хызмет етеди. Болажақ оқытыўшылар жәҳән әдебиятындағы идеяларды миллий әдебият үлгилериндеги көзқараслар менен салыстырыў арқалы пикир жүргизиў, талқылаў, жәҳән әдебияты менен миллий әдебият арасындағы улыўмалық ҳәм айырмашылықларды аңлаўды үйренеди. Бул болса, оларда сын көзқарастан пикирлеў, аналитикалық қатнас, илимий излениўге қызығыўшылық сезимин арттырады.

Улыўма инсаныйлық қәдириятлар — бул пүткил инсаният тәрепинен қәдирленетуғын әдеп-икрамлылық өлшемлери: әдиллик, еркинлик, тынышлық, мийрим-шәпәәт, кеңпейиллик, ҳәдаллық, ҳүждан, дослық ҳәм басқалар. Жәҳән әдебиятында бул қәдириятлар орайлық орында турады. Мысалы: Шекспирдиң «Гамлет» трагедиясында инсанның ҳүжданы, әдиллик ушын гүрес мәселелери көрсетиледи. Гамлеттиң «Болыў яки болмаў?» деген белгили сораўы бул шығармаңың философиялық-әдеп-икрамлылық түп мәнисин көрсетеди. Альберт Камюниң «Жат» шығармасында заманагөй жәмийеттеги жалғызлық, әдепсизлик, жуўапкерсизлик машқалалары ашып бериледи. Шыңғыс Айтматов шығармаларында болса, миллий қәдириятлар менен бир қатарда инсаныйлық, ана жер, тәбиятқа меҳир, тарийхқа ҳүрмет сыяқлы идеялар алға қойылады. Бул шығармалар жас муғаллимлерди өз пикирин қәлиплестириўге, ўақыяларға баҳа бере алыўға, улыўма инсаныйлық өлшемлер тийкарында дурыс қарар қабыл етиўге үйретеди.

Бүгинги глобалласыў шараятында ҳәр бир оқытыўшы түрли миллет, елат ҳәм мәдениятқа тийисли оқыўшылар менен ислесиўи мүмкин. Бул болса, онынан мәдений кеңпейиллик, келисим, басқа мәденият ҳәм қәдириятларға ҳүрмет пенен қараўды талап етеди. Жәҳән әдебияты бул бағдарда оғада әҳмийетли дәрек болып есапланады. Мәселен, ҳинд әдебиятындағы Рабиндранат Тагордың қосықлары, япон жазыўшысы Харуки Мураками-дың заманагөй шығармалары, Латын Америкасы жазыўшылары — Габриел Гарсиа Маркес, Хорхе Луис Борхеслердиң шығармалары өзине тән миллий руўх пенен бир қатарда, улыўма инсаный тәжирийбени де сәўлелендиреди. Болажақ оқытыўшы бул шығармалар арқалы инсаниятты бирден-бир мәденият сыпатында көре баслайды, миллий ой-пикир менен бирге глобал ой-пикирди де қәлиплестиреди.

Жәҳән әдебиятын үйрениў болажақ оқытыўшыларды тек билимли ҳәм саўатлы емес, ал, әдеп-икрамлылық жақтан жетик, руўхый бәркамал, ўатансүйгиш ҳәм дүньяқарасы кең инсанлар сыпатында қәлиплестиреди. Бул жолда жәҳән әдебияты үлгилери миллий ҳәм улыўма инсаныйлық қәдириятлардың үнлес көриниси сыпатында хызмет етеди. Солай екен, педагогикалық билимлендириў системасында жәҳән әдебиятына тийкарланған сабақлар санын көбейтиў, оны миллий әдебият пенен үнлес ҳалда оқытыў, аналитикалық ҳәм тартыслы додалаўлар тийкарында алып барыў, талабаларды терең таллаў көнликпесин қәлиплестириў зәрүр. Келешек муғаллими — бул тек ғана пән билимданы емес, ал, жүреги миллий ҳәм улыўма инсаныйлық қәдириятларға бай инсан болып есапланады. Әдебият болса бул жүректи тәрбиялайтуғын, оған туўры жол көрсететуғын дерекке айланыўы керек.

Рузихон УСМАНОВА,
Шыршық мәмлекеттик педагогикалық университети факультетлар аралық шет тиллери кафедрасы оқытыўшысы.